# Экономика теория
# Тема№3. Меншик ҳәм хожалық жүргизиў формалары. Жәмийетлик экономикалық системалар. темасында

## Мустакил иши

## Студент: Еережепбаева Г

2017

# Әдебиятлар:

1.Өзбекстан Республикасы Крнституциясы Т.1992 ж.

2. «Өзбекстан Республикасының сыртқы экономикалық хызмети ҳаққындағы» нызам Т.1992-1998 ж.

3.«Өзбекстан республикасын шет ел инвестициялары хаққындағы» нызамТ.1998 ж.

4. И.А.Каримов. Өзбекстан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында Т. 1995 ж.

6. И.А.Каримов. Узбекистон XXI асрга интилмокда. Т. 1999 ж.

7. И.А.Каримов. Узбекистон XXI аср бусогасида: хавсизликка тахдид, баркарорлик шартлари ва тараккиёт кафолатлари. Т. 1997 ж.

8. И.А.Каримов Узбекистон бозор мунасабатларига утишнинг узига хос йули. Т.  1993 ж.

9. Ш.Ш.Шодмонов Иктисодиет назарияси Т. 2002 ж.

# ПЛАН:

1. Экономикалық системалардың моделлери
2. Меншик экономикалық категория сыпатында.

   Мүлкке ийелик етиў, мүлкти пайдаланыў, мүлкти биилик етиў (басқарыў) – түсиниклериниң мәниси

4.Меншиктиң формалары

5.Меншиклестириў ҳәм мүлкти мәмлекет ийелигинен бөлип алыў: формалары ҳәм жоллары

# 1.Экономикалық системалардың моделлери

# Экономикалық система-

мәмлекеттиң, ресурслар жетиспеўшилиги машқалаларын шешиў арқалы өзиниң экономикалық мақсетлерине ерисиў усылы есапланады

# Экономикалық системалар

- дәстүрий
- базар
- командалық
- аралас

# Дәстүрий экономикалык система



# Дәстүрий экономикалык система -

- шекленген ресурсларды дәстүрлерге тийкарланып бөлистиретуғын экономикалық система ;
- өзгерислер ҳәм раўажланыў темплери томен болады;
- адамлар ата бабалары шуғылланған кәсип пенен шуғылланады;
- товарлардың көпшилик бөлеги ислер шығарылған жерде тутынылады.



Дәстүрий экономиканың элементлери дүньяның ең шетки жерлеринде ушырасады: сыртқы дүньядан изоляцияланған қәўим ҳәм группаларда (Африка халықлары, Арқа музлық халықлары)








# Командалық экономикалық система





# Командалық экономикалық система -

- **ресурслар мәмлекетлик меншик есапланатуғын экономикалық система;**
- **ресурсларды бөлистириў менен байланыслы ең әҳмийетли мәселелер, мәмлекетлик органлар тәрепинен қабыл етиледи**

Командалық экономикалық системаға тән болған мәмлекетлер: Куба. Арқа Корея, Вьетнам, Китай, Албания, СССР, Шыгыс Евроап мәмлекетлери






# Базар экономикасы системасы











# Базар экономикасы системасы -

Базардағы айырым сатыўшылар ҳәм тутыныўшылар тәрепинен қабыл етилген шешимлер жыйнағы менен, мәмлекет көлеминдеги экономикалық шешимлер қабыл етилетуғын экономикалық система



Базар экономикасы төмендеги мәмлекетлерге тән: Аргентина, Индия, Турция, Индонезия и хам т.б.










# Аралас экономикалық система

















**Аралас экономикалық система-**

Өндирис қуралларына жәмийетлик меншик пенен жеке меншие элементлерин бирлестириўши экономикалық система

Аралас экономикалық система ҳәзирги дүньяның көплеген мәмлекетлерине тән: Япония, Швеция, США, Канада, Финляндия ҳәм т.б.

## 2.Меншик экономикалық категория сыпатында.
## Мүлкке ийелик етиў, мүлкти пайдаланыў, мүлкти бийлик етиў (басқарыў) – түсиниклериниң мәниси

**Меншик қатнасықлары** жәмийеттеги байлықларды өзлестириў менен байланыслы болған экономикалық қатнасықлар есапланады. Бул қатнасық-лар мүлкке ийелик етиў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў (басқарыў) жағдайларында жүзеге келеди. Бул үш жағдай мүлкке ийелик етиў, пайдаланыў ҳәм бийлик етиў меншикликтиң ажыралмас бөлимлери есапланады.

**<u>Мүлкке ийелик етиў</u>** - бул меншик ҳуқықының меншик ийесиниң қолында сақланып турыўын аңлатады. Бул жағдайда меншик болған байлық бөлимлерге бөлинип өзлестириледи. Мүлкке ийелик етиў сақланған ҳалда, оны әмелде ислетиў өзгениң қолында болыўы мүмкин. Буның нәтийжесинде мүлктен келген пайда бөлистириледи, оның бир бөлегин мүлк ийеси, ал екинши бөлегин мүлкти әмелде ислетиўши өзлестиреди.

**Мүлкти бийлик етиў (басқарыў)** - бул мүлк болған байлық тәғдийрин ғәрезсиз шешиўди яғный мүлкти сатып жибериў, ижараға бериў, мийрас етип қалдырыў, асырап абайлап көбейтиў яки оны жоқ етип жибериў менен байланыслы ҳәрекетлерди әмелге асырыўды билдиреди.

# Меншик улыўма экономикалық категория. Ол қатнасық сыпатында өз объектлерине ҳәм субъектлерине ийе.

**Меншик объектлери** - бул меншикке айланған барлық байлық түрлери.

Оларға жер, суў, тәбийий кәнлер, өсимликлер ҳәм ҳайўанатлар дүнья-сы, машина-үскенелер, имаратлар, қурылмалар, өнимлер ҳәм хызметлер, тарийхый - мәдений естеликлер, илимий - техникалық билимлер, товарлар, мийнетке болған ақлый (руўхый) ҳәм физикалық қәсийетлер ҳ.т.б. киреди. Мине бул материаллық ҳәм материаллық емес формадағы өнимлерди өзлес-тириў менен байланыслы меншик қатнасықлары қәлиплеседи ҳәм өнимлер меншикке айланғанда өзлестириледи.

**Меншик субъектлери** - бул меншик объектлерин өзлестириўде қатнасыўшылар ямаса меншик қатнасықларының қатнасыўшылары.

Буларға айырым адамлар, шаңарақлар, халықтың социаллық топарлары, территориялық бирлеспелер, ҳәр қыйлы жәмәәтлер, жәмийетлик ҳәм диний шөлкемлер, сондай-ақ мәмлекет киреди. Бул субъектлерге қарай өзлестириў индивидуал, семьялық, шериклик, территориялық ҳәм улыўма миллий характерге ийе болады.

Меншик объектлерин өзлестириў төмендегише еки жолда әмелге асырылады:

**1.Өндирис ресурсларын өзлестириў.** Бунда материаллылық ҳәм мийнет ресурсларын меншик ийеси өз меншигине айланғаннан соң өзлестиреди.

**2. Өндирис нәтийжелерин өзлестириў** - бул өндирилген өним ҳәм хыз-метлерди, оларды сатыўдан келген дәраматларды кимниң меншигине айланғанлығын билдиреди. %ндирис әсбаплары кимниң меншигинде болса, нәтийже соған тийисли болады.

**<u>Меншик типи</u>** - бул ҳәр түрли ямаса бир түрдеги социал – экономика-лық системаларға тән болған меншик қатнасықларын ҳәм меншик харак-терин билдиреди.

**<u>Меншик формалары</u>** - бул байлықты өзлестириў характерин, оның көринисин ҳәм мазмунын аңлатады. Оз мийнети тийкарында өзлестириў, өзгелер дөреткен байлықты мутқа өзлестириў, жеке тәртипте, жәмәәт болып, шериклик тийкарында өзлестириўдиң барлығы меншиктиң ҳәр қыйлы формаларын аңлатады.



*Спасибо за Ваше внимание*

*и терпение!*